# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Қаракалпақстан Республикасы Халық билимлендириў системасында улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2020-2021-оқыў жылын жуўмақлаў ҳәм «Соңғы қоңыраў» кешесин өткериў ҳаққында

2020-2021-оқыў жылында питкериўши жасларды қоллап-қуўатлаў оларға елимиз раўажланыўы жолында алға қәдем таслаўында жол-жобалар көрсетиў ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 17-майдағы улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2020-2021-оқыў жылын жуўмақлаў ҳәм **«Соңғы қоңыраў»** кешесин өткериў ҳаққындағы 06/3-55-санлы хатын басшылыққа алып

БУЙЫРАМАН:

1. Өзбекистан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 17-майдағы улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2020-2021-оқыў жылын жуўмақлаў ҳәм **«Соңғы қоңыраў»** кешесин өткериў ҳаққындағы 06/3-55-санлы хаты басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Улыўма орта билим бериў мектеплеринде **«Соңғы қоңыраў»** кешелери карантин қағыйдаларына әмел еткен ҳалда усы жылдың 25-май күни өткерилсин.

3. Кешелер «Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы»нда ҳәм Мәмлекетимиз ғәрезсизлигиниң 30 жыллығы алдынан оқыўшыларда келешекке исеним, кекселерге ҳәм устазларға ҳүрмет-иззет, Ўатанға муҳаббат, миллий идеяларға садықлық сыяқлы сезимлерин оятыўға ҳәм де заманагөй кәсип-өнерге ийе болыў қызығыўшылығына бағдарлансын.

4. **Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Танирбергенов)не:**

- улыўма орта билим бериў мәкемелеринде **«Соңғы қоңыраў»** кешелерин шөлкемлестириў ҳәм өткериўди қадағалаў, методикалық жәрдем көрсетиў ҳәм усы кешелердиң өткерилиў жуўмағы бойынша Өзбекистан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине мағлыўмат бериў ўазыйпасы жүклensин.

5. **Министрликтиң баспа сөз хаткери (Т.Даўлетмуратов)не:**

- улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2020-2021-оқыў жылының жуўмағында өткерилетуғын **«Соңғы қоңыраў»** кешеси бойынша усыныс ҳәм көрсетпелерин орынларға жеткериў ҳәм де өткерилген илажларды ғалаба-хабар қуралларында, социаллық тармақларда кеңнен жәриялаў

илажларын көрсин.

6. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм де Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

- улыўма орта билим бериў мектеплеринде кешелердиң тәртипли өтиўин тәмийинлеў мақсетинде орынларда мәкан (аўыл) пуқаралар жыйынлары, ата-аналар ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары ўәкиллерине алдын ала хабар бериў;

- кешелер өткерилетуғын орынларды гигиена ҳәм абаданластырыў талапларына муўапық шараятлар жаратыў, өрт ҳәм техника қәўипсизлиги қағыйдаларына әмел қылған ҳалда оқыўшылар қәўипсизлигин тәмийинлеў;

- барлық улыўма орта билим бериў мектеплериниң кирер жерин пирометр ҳәм антисептик қураллары менен тәмийинлеў ҳәм де илаж өткерилетуғын орынға 1,5-2 метрли социаллық аралықы белгилеўши сызықларды сызыў ҳәм қатнасыўшы класслардың басшыларын усы тәртипке әмел етиўин орнатыў;

Илажда тек ғана 4-, 9- ҳәм 11-класс оқыўшыларының қатнасыўын тәмийинлеў;

Питкериўши оқыўшылардың мектеп формасынан тыс, түрли кийимлер ҳәм де ленталар тағып алыўының алдын алыў;

Илажды мектеп ҳәўлиси, бағы ямаса сая-салқын ашық майданларда өткериў ҳәм- де мектеп аймағында техника қураллары ҳәм гүманлы шахслардың киритилмеўин тәмийинлеў;

Илажларды барлық улыўма орта билим бериў мектеплериниң район (қала)лық халық билимлендириў бөлими менен келисилген ҳалда анық сценарий тийкарында, саат 8.00 ден 8.45 ке шекем шөлкемлестириў;

Мектеп ҳәкимшилиги тәрепинен илаж қатнасыўшыларын қутлықлаў барысында елимизде соңғы жылларда ерисилген жеңислер, әмелге асырылған кең көлемли исленип атырған жумыслар, билимлендириў тараўындағы реформалар ҳаққында анық цифрлар ҳәм дәлийллер келтирилген ҳалда мағлыўмат бериў;

Илажда жыл даўамында үлгили минез ҳәм айырықша баҳаларға оқып, ең жоқарғы рейтинг көрсеткишлерге ерискен қәбилетли питкериўшилерди сыйлықлаў ҳәм хошаметлеў;

Илажда қатнасыўшы ата-аналар ҳәм мийманлар санын 5 адамнан артып кетпеўин қадағалаў ўазыйпалары жүкленсин.

7. **Белгилеп қойылсын,** «Соңғы қоңыраў» илажларын, басқышлы қадағалаў имтиханлары ҳәм жуўмақлаўшы Мәмлекетлик аттестацияларын өткериўде, билимлендириў мәкемелерин жаңа оқыў жылына таярлаў барысында оқыўшы ҳәм питкериўшилер ҳәмде олардың ата-аналарынан ҳәр қыйлы пул жыйнаў, мектеп басшысы ҳәм муғаллимлерге питкериўшилер тәрепинен қымбат баҳалы саўғалар бериў, түрли кешелерди (үйлерде, ресторан ямаса чайханаларда ҳ.т.б. банкет ямаса басқа мәресимлер) өткериў ҳәм жеңил автомашиналарда сейил етиў қатаң қадаған етиледи;

«Соңғы қоңыраў» илажын шөлкемлестириўде мектептиң «Бақлаў кеңеси» ағзалары белсенди қатнасыўы менен бир қатарда, жоқарыда

келтирилип өтилген тапсырмаларға әмел етилиўи үстинен қадағалаў алып барады;

Барлық улыўма орта билим бериў мектеплериниң директорлары илажлардың мектепте белгиленген талаплар бойынша өткерилиўине тиккелей жуўапкер екенлиги ескертиледи;

Министрликтиң район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине ҳәм де республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине бириктирилген жуўапкер қәнигелерге орынларда илажлардың жоқарыда атап өтилген қағыйдаларға әмел еткен ҳалда өткерилиўин турақлы түрде қадағалаў ўазыйпалары жүклетиледи.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл “22” Май,
125-санлы